**दिन– सोमवार** **दिनांक–14.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक बीच अखन धरि अस्सी प्रतिशत सँ बेसी लोक सभ गणना प्रपत्र जमा कऽ देलनि अछि। बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे, जे मतदाता सभ लऽग जरूरी दस्तावेज नहि छनि ओ सभ सहो अखन गणना प्रपत्र जमा करैथि। जरूरी दस्तावेज जमा करबाक लेल मतदाता सभ के तीस अगस्त धरि समय देल जायत। श्री गुंजियाल जनौलनि जे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरण मे बीस जुलाई सँ बूथ लेवल अधिकारी एक बेर फेर सँ घर–घर जा कऽ मतदाता सभ सँ गणना फॉर्म जमा करताह।

---

मतदाता सूचीक गहन पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दल सभक बीच बयानबाजी तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन जनौलनि जे पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ कोनो मतदाता के घबरेबाक जरूरत नहि अछि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक जीतनराम मांझी पुनरीक्षण अभियानक समर्थन करैत जनौलनि जे मतदाता सूचीक गड़बड़ी के खत्म करब एक संवैधानिक प्रक्रिया अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता मनोज झा जनौलनि जे बाईस बर्षक बाद मतदाता पुनरीक्षण अभियान भऽ रहल अछि। आओर ई ऐहेन समय भऽ रहल अछि जखन चुनाव आबि गेल अछि। ओ जनौलनि जे पुनरीक्षण अभियानक समय के लऽकऽ सुप्रीम कोर्ट सेहो सवाल उठौलक अछि। एहि बीच पूर्णियांक सांसद पप्पू यादव चुनाव आयोगक ई दावा पर सवाल उठौलनि जे पुनरीक्षण अभियानक बीच नेपाल, म्यांमार आओर बंग्लादेशक नागरिकक पहिचान कयल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे एक अणे मार्गक अपन सरकारी आवासीय परिसर मे पौधा रोपि कऽ वन महोत्सव शुरू कयलनि। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, वन आओर पर्यावरण मंत्री सुनिल कुमार सहित कतेको विभागीय अधिकारी सभ छलाह।

————————————————————————————

राज्य सरकार प्रदेश मे स्टार्टअप आओर नवाचार के गति देबाक लेल बिहार आइडिया फेस्टिवल पोर्टल शुरू कयलक अछि। उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा आइ ई पोर्टलक उद्‌घाटन कयलनि। श्री मिश्रा जनौलनि जे एहि सँ स्टार्टअपक संग–संग युवा, स्वंय सहायता समूह आओर नव–नव उद्यमी सभ अपन–अपन व्यवसायिक विचार सोझे उद्योग विभाग धरि पठा सकताह। श्री मिश्रा जनौलनि जे बिहार मे स्टार्टअपक संस्कृति बढ़ि रहल अछि। अखन राज्य मे एक हजार सँ बेसी स्टार्टअप चलि रहल अछि।

————————————————————————————

पत्र सूचना कार्यालय पटना दिस सँ आइ दरभंगाक गरासिया होटल मे वार्तालाप सह क्षेत्रीय मीडिया कार्यशाला केर आयोजन कयल गेल। जकर उद्‌घाटन बिहार सरकारक नगर विकास मंत्री जीवेश मिश्र कयलनि। एहि मौका पर पीआईबी पूर्वोत्तर क्षेत्रक महानिदेशक श्री रेड्‌डी प्रकाश आओर पीआईबी पटनाक सहायक निदेशक सौरभ कुमार सहित कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह।

————————————————————————————

भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता गुरू प्रकाश पासवान जनौलनि जे एन.डी.एक घटक दल बीच कोनो प्रकारक मनमोटाव नहि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे सभ दल के सम्मान देल जायत अछि। ओ घटक दल सभ सँ अपन गप उचित मंच पर उठेबाक लेल जनौलनि अछि।

————————————————————————————

आइ सावनक पहिल सोमवारी अछि। एहि मौका पर मंदिर आओर शिवालय सभ मे भोरे सँ भगवान शिवक जलाभिषेक लेल भक्त लोकनिक भारी भीड़ लागल अछि। चहुँ दिस ओम नमः शिवायक मंत्रोचार सुनल जा रहल अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे सुल्तानगंजक अजगैबिनाथ, मुजफ्फरपुरक गरीबनाथ, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान, दरभंगाक कुशेश्वर स्थान, मधुबनीक कपिलेश्वर स्थान, सुपौलक तिलहेश्वर स्थान आओर सहरसाक मटेश्वरनाथ मंदिर, सोनपुरक हरिहरनाथ, रोहतासक गुप्ताधाम, जहानाबादक वाणावर, पटनाक बैकटपुर धाम आओर लखीसरायक अशोकधाम, सहित कतेको मंदिर सभ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ भगवान शिवक पूजा–अर्चना कऽ जलाभिषेक कऽ रहल छथि। एम्हर, भागलपुरक सुल्तानगंज मे पैघ संख्या मे कावड़िया सभ उत्तर वाहिनी गंगाक जल उठेबाक लेल आबि

रहल छथि। ई कावड़िया सभ एक सय पांच किलोमीटर सँ बेसी दूरी तय कऽ झारखंडक देवघरक बाबा वैद्यनाथक जलाभिषेक करताह।

———————————————————————————

बेगूसरायक लोहियानगर थानाक बाघा रेलवे गुमटी लऽग अपराधी सभ दू युवक के गोली मारि देलक। जाहि सँ एक युवकक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि एक आनक स्थिति गंभीर बनल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून एक बेर फेर सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच वैशाली जिलाक भागवानपुर मे सभ सँ बेसी पचपन दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ कैमूर, जमुई आओर बांका जिला मे किछु ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्वी, दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य भाग मे किछु ठाम तेज हवाक संग हल्लुक बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त